


## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1. Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, pamarekan nu digunakeun nya éta pamarekan kuantitatif, kalayan métode panalungtikanna nya éta éksperimén. Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 107) métode éksperimén nya éta métode panalungtikan nu digunakeun pikeun néangan pangaruh perlakuan hiji variabel ka variabel séjén dina kondisi nu dikadalikeun. Panalungtikan éksperimén dilakukeun pikeun meunangkeun hasil tina ayana pangaruh hiji variabel jeung variabel séjénna nu geus dibéré perlakuan, sarta hasilna diukur dina hipotésis panalungtikan.

Métode éksperimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kuasi éksperimén, kalayan desain panalungtikan *one group pre-test post-test*. Nurutkeun Nazir (2014, kc. 73), métode kuasi éksperimén nya éta hiji panalungtikan anu ngagunakeun kelas éksperimén kalawan henteu ngagunakeun kelas control (euweuh kelas kontrol). Subjék dibéré *pre-test* nu mangrupa tés kamampuh nulis sajak, sabada dibéré tés awal salajengna dibéré *perlakuan* ngagunakeun métode *Image Streaming*, di ahir *perlakuan* siswa dibéré *post-test* nu mangrupa tés kamampuh nulis sajak saperti dina *pre-test*, sabada kitu hasil *pre-test* jeung *post-test* dibandingkeun. Hasil panalungtikan tina ngagunakeun ieu desain bisa leuwih akurat, lantaran bisa ngabandingkeun hasil perlakuan jeung saméméh dibéré perlakuan. Sangkan leuwih jéntré, desain ieu panalungtikan digambarkeun di handap.



Gambar 3.1 Desain panalungtikan *one group pre-test and post-test*

(Sugiyono, 2015, kc. 111, Sukmadinata, 2017, kc. 208)

Katerangan:

$O_1$  = *pre-test* (saméméh dibéré perlakuan)

$X$  = perlakuan/diklat

$O_2$  = *post-test* (sabada dibéré perlakuan)

### 3.2. Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa SMPN 2 Lembang kelas VII-E taun ajaran 2018/2019. Jumlah siswa nu jadi subjék panalungtikan aya 34 urang, 16 urang siswa lalaki jeung 18 urang siswa awéwé. Lokasi SMPN 2 Lembang aya di Jl. Maribaya No.129, Bandung Barat, Jawa Barat.

### 3.3. Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta soal tés kamampuh nulis sajak. Tés dilakukeun pikeun mikanyaho hasil nulis sajak tina prosés pangajaran, naha udagan tina prosés pangajaran kahontal atawa henteu. Luyu jeung nu ditétélakeun Nugraha (2019, kc. 44) yén évaluasi tés hasil diajar mangrupa salasahiji cara pikeun ngukur kahontalna prosés pangajaran nu geus dilaksanakeun. Hasil évaluasi bisa dijadikeun hiji patokan pikeun menerkeun kahéngkérangan-kahéngkérangan nu dilakukeun, saperti menerkeun cara ngajar, milih métode pangajaran nu tepat, ngagunakeun média pangajaran, jeung sajabana. Ku kituna ieu instrumén tepat digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan.


Pangumpulan data dilakukeun ku dua kali tés. Ieu dilakukeun saméméh jeung sabada siswa dibéré *perlakuan* ngagunakeun métode *Image Streaming*. Tés kamampuh awal (*pre-test*) dipilampah pikeun mikanyaho gambaran kamampuh siswa saméméh siswa dibéré *perlakuan*. Sedengkeun tés ahir (*post-test*) dipilampah pikeun mikanyaho gambaran kamampuh siswa sabada dibéré *perlakuan* (pangajaran nulis sajak ngagunakeun métode *Image Streaming*). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tulis. Ieu dihandap mangrupa soal *unjuk kerja* anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis sajak siswa.

<b>Tes Nulis Sajak</b>	
<p>Jieun hiji sajak anu témana bebas, sarta béré judul kana éta sajak! Perhatikeun éjahan tulisan sarta karapihan tulisanna!</p> <p>No. Absen     :</p> <p>Kelas         :</p>	

Gambar 3.2 Instrumén tés nulis sajak

### 3.4. Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa salasihiji hal anu penting pisan dina panalungtikan. Pangna kitu, dina prosedur panalungtikan digambarkeun léngkah-léngkah nu dilakukeun ku panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana. Prosedur/alur dina ieu panalungtikan digambarkeun kana wangun bagan ieu di handap.



Gambar 3.3 Bagan prosedur panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, ieu prosedur panalungtikan ngawengku tilu tahap: 1)tatahar, 2)ngalaksanakeun panalungtikan jeung ngolah data, 3)nganalisis data jeung nyusun laporan, ditétlakeun saperti ieu di handap.

#### a. Tatahar

Panalungtik nyusun léngkah-léngkah nu rék dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah pangajaran nulis sajak, ngagunakeun alternatif métode pangajaran. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode *Image Streaming*.

Nu ditataharkeun ku panalungtik saacan ngalaksanakeun panalungtikan, di antarana nya éta

- 1) obsérvasi pikeun ngaidéntifikasi masalah anu rék ditalungtik,
- 2) nyieun rumusan masalah, néangan tiori-tiori nu patali jeung objek panalungtikan, nyieun hipotésis pikeun dugaan sementara, tuluy disusun kana proposal panalungtikan,
- 3) ngajukeun judul panalungtikan,
- 4) ngurus surat ijin ngalaksanakeun panalungtikan,
- 5) konsultasi jeung pangaping ngeunaan panalungtikan.

b. Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Dina ngalaksanakeun panalungtikan téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data nya éta téhnik tés. Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data aya sababaraha tahap, nya éta

- 1) siswa dibéré pancén nulis sajak anu mangrupa *pre-test*, ieu pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh dibéré *treatment* ngagunakeun métode *Image Streaming*,
- 2) sanggeus mikanyaho kamampuh nulis awal siswa, panalungtik méré perlakuan ngagunakeun métode *Image Streaming* ka siswa,
- 3) sanggeus dibéré perlakuan, panalungtik ngayakeun *post-test* ka siswa pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa saenggeus dibéré perlakuan ngagunakeun métode *Image Streaming*.

c. Nganalisis Data jeung Nyusun Laporan

Data nu geus dikumpulkeun dianalisis dumasar kana téhnik nganalisis data tuluy disusun kana laporan. Léngkah-léngkahna di antarana nya éta

- 1) niténan data anu geus dikumpulkeun,
- 2) data dipasing-pasing dumasar kana *pre-test* jeung *post-test* tuluy dipariksa, sabada éta data disalin kana format nu geus disadiakeun,
- 3) meré peunteun kana hasil *pre-test* jeung *post-test*,
- 4) ngasupkeun data peunteun *pre-test* jeung *post-test* kana tabel,
- 5) ngabandingkeun hasil *pre-test* jeung *post-test*,

- 6) nyindekkeun hasil panalungtikan, tuluy ieu data disusun jadi laporan dina wangun skripsi kalawan maké katangtuan anu geus di tangtukeun.

d. Pelaporan

Sabada nganalisis data sarta nyusun hasil analisis kana wangun skripsi, anu pamungkas nya éta pelaporan hasil panalungtikan.

### 3.5. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data nya éta tés, kalayan instrumén soal tés kamampuh nulis sajak. Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nya éta

- 1) siswa dibéré pancén nulis sajak anu mangrupa *pre-test*. Ieu pancén dibikeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh dibéré *treatment* ngagunakeun métode *Image Streaming*,
- 2) sabada dibéré perlakuan, siswa dibéré pancén nulis sajak anu mangrupa *post-test*, kalayan soal anu sarua jeung pancén *pre-test*. Ieu pancén dibikeun ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada dibéré perlakuan ngagunakeun métode *Image Streaming*.

### 3.6. Téhnik Analisis Data

Léngkah-léngkah tina téhnik nganalisis data dijéntrékeun saperti ieu di handap.

a. Mariksa Hasil Sajak *Pre-test* jeung *Post-test*.

Dina mariksa hasil sajak siswa, aya pedoman nu geus dijieun pikeun tatapakan méré peunteun. Nu dijadikeun pedoman peunteun dina ieu panalungtikan nurutkeun Nurgiantoro (2013, kc. 487) ngawengku genep aspék anu dipeunteun, di antarana nya éta kasaluyuan téma jeung eusi, kaaslian pengucapan, kakuatan imajinasi, diksi, pendayaan majas jeung citraan sarta réspon aféktif. Tapi, dina ieu panalungtikan aspék nu dipeunteun nurutkeun Nurgiantoro diwatesan jadi tilu, sarta ditambahan dua aspék lianna nurutkeun panalungtik. Jadi pedoman meunteun hasil nulis sajak *pre-test – post-test* dina

ieu panalungtikan ngawengku: 1)kasaluyuan téma jeung eusi, 2)kakuatan imajinasi, 3)diksi, 4)éjahan jeung 5)karapihan tulisan.

Tabel 3.1  
Kritéria méré Skor Tés Nulis Sajak (diropéa tina Nurgiantoro, 2013 kc. 487)

No	Aspék	Skala	Kriteria	Skor
1.	<b>Kasaluyuan téma jeung eusi</b>	5	Eusi sajak alus tur luyu jeung téma	30
		4	Eusi sajak alus, aya patali jeung téma	24
		3	Eusi sajak cukup/basajan, aya patali jeung téma	18
		2	Eusi sajak kurang alus, kurang luyu jeung téma	12
		1	Eusi sajak goréng, teu luyu jeung téma	6
2.	<b>Kakuatan Imajinasi</b>	5	Eusi sajak ngahudang imajinasi pamaca alus pisan	25
		4	Eusi sajak ngahudang imajinasi pamaca alus	20
		3	Eusi sajak ngahudang imajinasi pamaca cukup	15
		2	Eusi sajak ngahudang imajinasi pamaca kurang	10
		1	Eusi sajak ngahudang imajinasi pamaca kurang pisan	5
3.	<b>Diksi (pilihan kecap)</b>	5	Ngagunakeun pilihan kecap nu merenah, sarta nyusun kecap kalawan alus pisan	20
		4	Ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap kalawan alus	16
		3	Ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap kalawan cukup/basajan	12
		2	Ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap kalawan kurang merenah/kurang alus	8
		1	Ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap kalawan teu merenah	4
4.	<b>Éjahan</b>	5	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan penulisan	15
		4	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya 3 kasalahan penulisan	12
		3	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya 5 kasalahan penulisan	9
		2	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya 7 kasalahan penulisan	6
		1	Teu ngawasa kaédah dina nulis kecap	3
5.	<b>Karapihan tulisan</b>	5	Tulisan rapih pisan, kaharti pisan nalika dibaca, teu aya corétan	10
		4	Tulisan rapih, kaharti nalika dibaca, aya 1 corétan	8
		3	Tulisan cukup rapih, cukup kaharti nalika dibaca, aya 2 corétan	6
		2	Tulisan kurang rapih, kurang kaharti nalika dibaca, aya 3 corétan	4
		1	Tulisan teu rapih, tulisan teu kaharti, loba corétan	2

No	Aspék	Skala	Kriteria	Skor
	<b>Jumlah Skor Maksimal</b>		100	

Keterangan Skala:

5 = Alus Pisan

4 = Alus

3 = Cukup

2 = Kurang

1 = Kurang Pisan

b. Méré peunteun kana hasil sajak siswa, pikeun nangtukeun skor ahir.

Kritéria penilaian kamampuh nulis sajak nya éta 70. Pikeun méré peunteun kana hasil sajak siswa, dina nangtukeun skor ahirna ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$P = Skor A + B + C + D + E$$

Gambar 3.4 Rumus meunteun

Keterangan:

A = Kasaluyuan téma jeung eusi

B = Kakuatan imajinasi

C = Diksi (Pilihan kecap)

D = Éjahan

E = Karapihan tulisan

P = Peunteun

a. peunteun  $\geq 70$ , siswa dianggap mampuh nulis sajak,

b. peunteun  $\leq 69$ , siswa dianggap can mampuh nulis sajak.

c. Tabulasi Data

Peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabel 3.2  
Peunteun Tés Nulis Sajak Siswa

No.	Siswa (No. Absen)	Kamampuh Nulis Sajak							Kategori
		A	B	C	D	E	$\Sigma$	P	
1.									
2.									
...									
	$\Sigma$								
	Rata-rata								

Keterangan:

A = Kasaluyun téma jeung eusi

B = Kakuatan Imajinasi

C = Diksi (pilihan kecap)

D = Éjahan

E = Karapihan Tulisan

$\Sigma$  = Jumlah

P = Peunteun

d. Analisis Kamampuh Nulis Sajak Siswa Saméméh jeung Sabada ngagunakeun Méthode *Image Streaming*

Pikeun bahan analisis tina hasil kamampuh nulis sajak siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun méthode *Image Streaming*, dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteunna, hasil peunteun nulis sajak siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabel 3. 3  
Tabél Kamampuh Nulis Sajak Siswa Saméméh jeung Sabada ngagunakeun Méthode *Image Streaming*

No.	<i>Pre-test</i>							<i>Post-test</i>						
	A	B	C	D	E	$\Sigma$	P	A	B	C	D	E	$\Sigma$	P
1.														
2.														
...														
$\Sigma$														
P														

Keterangan:

A = Kasaluyun téma jeung eusi

B = Kakuatan Imajinasi

C = Diksi (pilihan kecap)

D = Éjahan

E = Karapihan Tulisan

$\Sigma$  = Jumlah

P = Peunteun

Data dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara ngagunakeun aplikasi/software *IBM SPSS Statistics versi 20*. *SPSS (Statistical Product and Service Solutions)* mangrupa hiji program anu digunakeun pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. *Input* data nu dianalisis nya



éta hasil *pre-test* jeung *post-test* nulis sajak siswa, tuluy data nu dianalisis dijabarkeun dina *output* hasil analisis *Software SPSS*.

Dina téhnik ngolah data ngawengku dua tahapan analisis data, di antarana nya éta uji sipat data jeung uji hipotésis. Pikeun leuwih jéntréna, dipedar saperti ieu di handap.

### 1) Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data, dilakukeun uji normalitas. Uji normalitas dilakukeun pikeun nyayakinkeun jeung mikanyaho yén éta data mibanda distribusi normal atawa teu normal.

Dina mikanyaho data mibanda distribusi normal atawa teu normal, bisa ngagunakeun uji sampel *Shapiro Wilk* pikeun nangtukeunana. Hipotésis pikeun uji normalitas ditangtukeun saperti ieu di handap.

$H_0$  : Distribusi data normal

$H_1$  : Distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji sampel *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikansi 5% ( $\alpha = 0,05$ ). Kritéria nyokot kaputusan tina hasil uji normalitas saperti ieu di handap.

- Saupama nilai Signifikansi atawa Sig. > 0,05, ku kituna  $H_0$  ditarima jeung  $H_1$  ditolak.
- Saupama nilai Signifikansi atawa Sig. < 0,05, ku kituna  $H_0$  ditolak jeung  $H_1$  ditarima.

### 2) Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis panalungtikan bisa dilakukeun ku dua cara. Saupama data tina hasil uji normalitas nuduhkeun yén data mibanda distribusi data anu normal, ku kituna dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji *t-tes*. Sedengkeun, saupama data tina hasil uji normalitas nuduhkeun yén data mibanda distribusi data nu teu normal, ku kituna dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-paramétris kalawan ngagunakeun tés tipe Wilcoxon.

Hipotésis dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- a.  $H_1$ : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-E SMPN 2 Lembang Taun ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *Image Streaming*.
- b.  $H_0$ : Euweuh béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-E SMPN 2 Lembang Taun ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *Image Streaming*.

Kritéria nyokot kaputusan tina uji hipotésis saperti ieu di handap.

- Saupama nilai Signifikansi atawa Sig. (2-tailed)  $< 0,05$ , ku kituna  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak.
- Saupama nilai Signifikansi atawa Sig. (2-tailed)  $> 0,05$ , ku kituna  $H_0$  ditolak jeung  $H_1$  ditarima.